

Chemen Pou Sikse

Lekòl bon Kalite, gwo kominote, e sikse akademik pou tout etidyan yo

Men plan ki pwal pwokire bonjan kalite edikasyon pou tout etidyan nou yo.

- Nou identifie kèk pwogram kap mache – Lekòl kap fè sikse ak bon rezilta sou sa paran yo plis mande – pwogram sa yo nou pral repwodwi yo e gaye yo nan tout zòn Boston nan.
- plan sa a ap pèmèt nou kreye wit nouvo pwogram de jaden danfan a 8è nivo (plis ke 6,000 nouvo plas, yon ogmantasyon deplis ke 60%) pou founi fanmi yo kèk tranzisyon e plis lòt èd nan zafè ledikasyon.
- Nou pral ofri fanmi yo plis aksè nan lekòl pilot yo, avek prèske 2,000 nouvo plas nan lekòl pilot yo (25% ogmantasyon).
- Nou konnen fanmi yo gen chwa , e jounen jodi ap lite ak kompetisyon sou mache ya, nou dwe reponn ak bezwen fanmi sa yo e amelyore sèvis nap bayo. Nou detèmine pou n fè lekòl piblik boston premye chwa pou paran yo nan edikasyon pitit yo.

Plan sa a chita sou repitasyon nasyonal Boston kòm inovatè.

- Nou kreye nouvo pwogwam ki reponn ak bezwen chanjman etidyan nou yo, fanmi ak kominote yo – kòm kwa Yon Sant Tranzisyon/ Elèv ki pa al lekòl yo. Yon Sant pou Etidyan imigran ki fèk vini yo, lekòl piblik Montessori yo e pwogram Bakalorea Entènasyonal yo.
- Plan kap mete aksan sou “gradyasyon pou tout Etidyan” avèk nouvo pwogram pwolonje nan lekòl sekondè ki ofri bonjan kou pou prepare etidyan pou yo ka gen sikse nan kolè ak lòt karyè yap chwazi.
- Lap kreye nouvo sèvis sekirite pou sipòte etidyan ki gen gwo risk pou kite lekòl- e ede sila yo ki te kite lekòl men ki vle retounen.

Plan an konfwonte nouvo reyalite ekonomik yo.

- Nan moman pwoblèm ekonomik sa yo, nou dwe itilize resous nou yo sajman. Avek lavichè e popilasyon elèv ki nan laj lekòl kap desann nan, nou pa kapab chita ap fè “bagay yo menm jan”.
- Plan kanpe responsabilite ak efesyans fiscal lè l fèmen senk etablisman, pou l ka reponn ak anwòlman elèv yo ki desann.
- Tandiske plan sa a espere kontwòle depans pou plis \$13.8 milyon pou senk lane kap vini yo, lajan sa a pral investi nan lavni ti moun yo.

Plan sa a pral redwi tou nan depans transpòtasyon otobis sipòte investisman e bay plis fanmi nan tout zòn pa yo pigwo aksè pou lekòl ki prè lakay yo.